# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस क मिर्जापुर जिला में आजु भिन्नही भइल एगो सड़क दुर्घटना मे दस लोगिन क मउति हो गइल अउर तीनि जने अउरियो घाही हो गइलें। ई दुर्घटना मिर्जापुर–वाराणसी सीमा पर मिर्जामुराद के लग्गे एगो ट्रक अउर ट्रैक्टर ट्राली के टकरा गइले से भइल। तिन्नों घाही लोगिन के बनारस के ट्रामा सेंटर में भरती करावल गइल हौ। मरे वाले सज्जों लोगि मिर्जापुर जिला क रहवइया रहे। ओहर येह सड़क दुर्घटना में जान गवावे वाले लोगिन खातिर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर प्रदेस के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आ मिर्जापुर क सांसद अनुप्रिया पटेल के सथहीं कई गो जन प्रतिनिधी गहरा सोक जतवले हवे। मिर्जापुर क जिलाधिकारी प्रियंका निरंजन बतवले कि मृतकन के परिजन के प्रधानमंत्री अउर मुख्यमंत्री राहत कोस से दुइ–दुइ लाख रूपिया क आर्थिक मददि दिहल जाइ। एकरे अलावा प्रधानमंत्री राहत कोषो से घाही लोगिन के पचास–पचास हजार रूपिया क आर्थिक मददि दिहल जाइ।

ओहर गोण्डा जिला में काल्हि देरि राति ईटिया थोक थाना क्षेत्र के बेंदुली गांव के लग्गे एगो तेज रफ्तार बोलेरों के पेड़ से टकरा गइले से भइल एगो अउरियो सड़क दुर्घटना में चार लोगिन क मउति हो गइल। सज्जो मृतक गोण्डा के कोतवाली देहात क्षेत्र क रहवइया रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ मरे वालन खातिर सोक संवेदना जतवले हवें।

**********

बिजनौर क चांदपुर अउर आसपास के ग्रामीण इलाकन में कुटटू क आटा खइले से करीब डेढ़ सौ लोगि बेमार हो गइल हवे। सज्जों लोगिन के अलगि–अलगि अस्पतालन में भरती करावल गइल हौ। घटना क सूचना पवते जिलाधिकारी अउर स्वास्थ्य विभाग क अधिकारी मउका पर पहुंचि के मरीजन क हाल जनलें अउर जनकारी लिहलें। येह मामिला में जिलाधिकारी अंकित अग्रवाल खाद्य सुरक्षा विभाग के अधिकारियन के जांच कइ के रिपोर्ट उपलब्ध करावे क निरदेस दिहले हवे। जिलाधिकारी बउतलें कि मरीजन के सही इलाज दिहल जा रहल हौ। मामिला के जांच क निरदेस दिहल गइल हवे। रिपोर्ट अवते कारवाई कइल जाइ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर क गोरखनाथ मंदिर में आयोजित भइल जनता दर्शन में तीनि सौ से बेसी लोगिन क समेसया सुनले अउर ओहसे जुड़ल अधिकारियन के जुरते निपटारा क निरदेस दिहलें। ये दौरान गंभीर बेमारियन क इलाज में आर्थिक सहायता क मांग लेके पहुंचल लोगिन के मुख्यमंत्री भरोसा दियउले कि जवने जरूरतमंद के लग्गे आयुष्मान कार्ड  नाही हवे ओनके इलाज क खरचा सरकार उठायी। मुख्यमंत्री एगो महिला क समेसया सुनले के बादि अधिकारियन के उहां के अस्पताल मे भरती करा के इलाज सुरू करावे क निरदेस दिहलें। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि हर पीड़ित के साथ संवेदनसील रवइया अपनावल जाव अउर ओकर समेसया क समाधान कइ के ओके संतुस्ट कइल जाव। उहां के कहलीं जो त कउनो, केहू क जमीनि कब्जा कइ रहल हौ त ओकेरे खिलाफ जुरते कड़ेर कार्रवाई कइल जाव। एकरे पहिले मुख्यमंत्री मंदिर परिसर क भ्रमण कइ के सरधालुअन क सुविधा जंचलें अउर कुछु जरूरी दिसा–निरदेसो दिहलें। जनता दरसन के बाद मुख्यमंत्री देस क सबसे कम उमिरि क फीडे रेटेड खेलाड़ी गोरखपुर के कुशाग्र अग्रवाल के साथे शतरंज खेलि के उनकर उत्साह बढ़वलें। कुशाग्र अबहिन पांच सालि इग्यारह महिन्ना क हवें अउर यूकेजी में पढ़त हवें। उहां के चारि सालि के उमिरि में सतरंज खेलल सुरू कइलीं अउर अपने प्रतिभा के बल पर एक्के सालि में फीडे रेटिंग हासिल कइ लिहलीं।

**********

प्रदेस सरकार मिशन सक्ति के अउरियो जियादे परभावी बनावे अउर महिला लोगिन के अउरियो मजबूत करे बदे शारदीय नवरातर में मिशन के पचवां फेरा क सुरूआत करे जा रहलि हौ। एहमें बड़हन पैमाना पर अलगि–अलगि गतिविधियन क आयोजन कइल जा रहल हौ, जवन दिसम्बर ले चली। येह कार्यक्रम में महिला लोगिन के साथे–साथे लइकान क सहभागिता दरज करावल जाई। कार्यक्रम के येह कड़ी में अन्तर्राष्ट्रीय बालिका दिवस, ऑपरेशन मुक्ति, बाल कार्निवाल, वीरांगना दिवस अउर स्वावलम्बन कैम्प के सथहीं कई गो कार्यक्रम सामिल हवे। येह कार्यक्रम क उद्देस्य प्रदेस में चलि रहल कई गो योजना अउर सेवा खातिर महिला लोगिन अउर लइकन में जागरूकता ले अइले के साथे–साथे उन्हें एहसे लाभो दियावल हौ।

**********

प्रदेस क वन अउर पर्यावरण राज्य मंत्री डॉक्टर अरूण कुमार सक्सेना के अध्यक्षता में काल्हि संझा पीलीभीत टागइर रिजर्व फाउंडेसन क पहिली बइठकी भइल, जेहमें कई गो खास फैसिला कइल गइल। बइठकी में टाइगर रिजर्व में ईको पर्यटन के बढ़ावा देवे, मानव–वन्य जीव संघर्स रोकले अउर वन्य जीव क बढ़ियां सुरक्षा खातिर निन्यानबे लाख रूपिया क प्रस्ताव के मंजूरी दीहल गइल। येह मौका पर श्री सक्सेना कहलें कि पीलीभीत टाइगर रिजर्व खाली देसे नाहीं बलुक बिदेसनों में आपन अलगि पहिचान बनवले हवे। एहवां हो रहल बाघ क वंसवृद्धि अउर वन्य जीव के बढ़ियां संरक्षण के नाते पीलीभीत टाइगर रिजर्व के कई गो विस्व स्तरीय पुरस्कारो मिलि चुकल हौ।

**********